

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Panalungtikan nyaéta prosés nyalusur pasualan nu sipatna ilmiah ku cara ngumpulkeun, ngolah, nganalisis, jeung nyindekkeun data dumasar pamarekan, métode, jeung téhnik nu tangtu pikeun ngajawab éta pasualan (Arifin, 2012, kc. 2). Sedengkeun nurutkeun Gunawan (2013, kc. 79), panalungtikan mangrupa prosés nu dilakukeun pikeun ngumpulkeun jeung nganalisis informasi pikeun ngaronjatkeun pamahaman ngeunaan pasualan nu ditalungtik. Sangkan udagan-udagan dina panalungtikan bisa kahontal, diperlukeun métode panalungtikan. Métode panalungtikan nyaéta cara atawa téhnik pikeun maluruh sangkan udagan-udagan panalungtikan bisa kahontal (Sugiyono, 2017, kc. 2). Métode bisa mangrupa angket, wawancara, niténan hiji hal (observasi), ngalakukeun tés, jeung dokuméntasi (Arikunto, 2013, kc. 203).

Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan kualitatif kalawan metodé déskriptif. Nurutkeun Moloeng (2012, kc. 6), panalungtikan kualitatif téh panalungtikan anu boga udagan pikeun maham kana sagemblengna kajadian nu kaalaman ku subjék, anu dijéntrékeun ku cara ngadéskrripsikeun dina wangun kekecapan jeung basa dina kontéks alamiah tur ngamangpaatkeun rupa-rupa métode ilmiah. Panalungtikan kualitatif mangrupa runtuyan kagiatan panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa lisan atawa tulisan. Panalungtikan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun (*to describe*), maluruh (*to explore*), jeung ngajéntrékeun (*to explain*) (Sukmadinata, 2015, kc. 60).


Métode deskriptif nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 72) mangrupa tarékah pikeun ngagambarkeun atawa ngadéskrripsikeun fenoména-fénoména nu aya, boh sipatna alamiah, boh sipatna rékaan manusa. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén métode déskriptif téh mangrupa tarékah pikeun ngadéskrripsikeun pasualan anu sipatna ilmiah. Téhnik déskriptif analitis dipaké pikeun ngadéskrripsikeun hasil panalungtikan babandingan novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.

3.1 *Desain* Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa rarancang prak-prakan panalungtikan (Sukmadinata, 2015, kc. 287). Ku kituna, *desain* panalungtikan mibanda pancén pikeun ngagambarkeun léngkah-léngkah atawa runtuyan kagiatan panalungtikan. *Desain* dina ieu panalungtikan digambarkeun dina ieu bagan di kaca satuluyna.

Bagan 3.1

Desain Panalungtikan




3.2 Data jeung Sumber Data

Sumber data nyaéta subjék nu dipaké pikeun nyangking data (Arikunto, 2013, kc. 72). Data dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad nu eusina ngawengku transliterasi naskah (*Kidung Sunda, Serat Pararaton, jeung Carita Parahyangan*) jeung carita fiksi nu judulna *Mendung di Langit Bubat*. Satuluyna, novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung carita fiksi nu judulna *Mendung di Langit Bubat* téh dipaluruh unsur caritana. Sedengkeun tina transliterasi naskah dipaluruh fakta jeung data sajarahna. Sabada kacangking hasil analisis struktur carita antara novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad, éta hasil téh tuluy dibandingkeun.

3.2.1 Idéntitas Buku

1) Novél



Gambar 3.1 Jilid novél *Perang Bubat*

Judul	: Perang Bubat
Pangarang	: Aan Merdeka Permana
Medal	: 2009
Penerbit	: PT Mizan Pustaka
Kandel Buku	: 331 kaca

2) Buku Kumpulan Carita



Gambar 3.2 Jilid Buku *Perang Bubat*

Judul	: Perang Bubat
Pangarang	: Sri Wintala Achmad
Medal	: 2019
Penerbit	: Araska Publisher
Kandel buku	: 300 kaca

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

3.2.2.1 Biografi Aan Merdeka Permana

Aan Merdeka babar di Bandung, 16 November 1950. Ti leuleutik, anjeunna resep lalajo sandiwara tradisional Sunda. Karesepna lalajo sandiwara Sunda tuluy nepi ka ayeuna. Ku kituna, Aan mindeng nyieun karangan fiksi kalawan setting klasik. *Setting* Pajajaran geus jadi karesepna nepi ka ayana sababaraha karyana nu medal diantaranya *Senja Jatuh di Pajajaran*, *Kemelut di Cakrabuana*, jeung *Kunanti di Gerbang Pakuan*.

Aan Geus mimiti nulis fiksi ti SMP (1966), tulisanana loba dina basa Sunda. Najan kitu, karyana dina basa Indonésia ogé loba. Boh dina media Jawa Barat boh di nasional. Carponna *Cikapundung Manéhna nu Boga* jadi pinunjul kahiji nulis carpon nu diayakeun ku Yayasan Kujang Putra taun 1968. Sedengkeun carponna nu judulna *Sum* asup ka kategori dalapan pangarang panghadéna dina pasanggiri nulis carpon tingkat nasional nu diayakeun ku Yayasan Lontar, Jakarta taun 1990-an. Taun 2009, Aan nyangking Hadiah Sastra Samsuodi ti Yayasan Rancagé tina buku bacaan barudak *Sasakala Bojong Emas*.

Aan ayeuna mancén gawé di majalah *Ujung Galuh* nu ngamuat ngeunaan sajarah-sajarah Jawa Barat. Anjeunna ogé masih aktif nulis carita Sunda kalawan *setting* Pajajaran jaman baheula. Buku-buku sajarah Sunda nu diterbitkeun sacara

local diantaranya: *Silalatu Gunung Salak, Rambut Kasih, Sriman Sriwacana, Palangka Raja, Nu Kasambut di Pulasari, Palagan Sumedanglarang*, jrrd.

3.2.2.2 Biografi Singget Sri Wintala Achmad

Sri Wintala Achmad mangrupa panulis sajak, carpon, novel, filsafat, sajarah, jeung budaya Jawa. Anjeunna kungsi nyuprih élmu di Fak. Filsafat UGM Yogyakarta. Karya-karyana ditulis ku bahasa Inggris, Indonesia jeung Jawa. Karya sastra dipublikasikeun di *Kompas, Republika, Suara Pembaruan, Suara Merdeka, Lampung Pos, Trans Sumatera, Bangka Pos, Solo Pos, Surabaya Pos, Banjarmasin Pos, Kedaulatan Rakyat, Minggu Pagi, Bernas, Masa Kini, Yogya Pos, Merapi, Fajar Sumatera, Amanah* (Malaysia), *Aksara International Journal of Indonesian Litterature* (Australia), *Suara Muhammadiyah, Gong, Artista, Jayabaya, Mekarsari, Jaka Lodhang, Sempulur*, jrrd.

Novel jeung fiksi sajarahna: *Centini: Malam Ketika Hujan, Dharma Cinta, Jaman Gemblung, Sabdapalon, Dharma Gandul: Sabda Pamungkas dari Guru Sabdajati, Ratu Kalimayamat: Tapa Wuda Asinjang Rikma, Kiamat: Petaka di Negeri Madyantara*, jeung *Centhini: Kupu-kupu Putih di Langit Jurang Jangkung*.

Karya sajak lirikna nu dijudulna *Elegi Putri Pembayun* nyangking nominasi 16 besar dina *Kompetisi Cipta Puisi Esai Indonesia* nu diayakeun ku Jurnal Sastra (2014). Sajakna nu dijudulan *Amsal Alif* nyangking penghargaan dina *Kompetisi Penulisan Kompetisi Indonesia 100 Puisi Qurani* nu diayakeun ku Parmusi (2016). Sajakna nu judulna *Masjid Agung Mataram* nyangking nominasi dina *Kompetensi Puisi* ngeunaan masjid (2017). Sajakna nu dijudulan *Jam Pelajaran Pertama* nyangking nominasi dina *Kompetisi 100 Puisi dari Demokrat untuk Indonesia*. Carponna nu judulna *Di Insang Ikan-Ikan, Tuhan Bersemayam* jadi pinunjul kadua dina *Kompetisi Penulisan Cerpen Indonesia* nu diayakeun ku Komunitas Negeri Batu (2017).

3.3 Téhnik Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 224), téhnik panalungtikan téh mangrupa konci dina panalungtikan. Éta “konci” téh dipaké pikeun nyangking data mangrupa udagan utama dina panalungtikan. Ku kituna, téhnik panalungtikan

boga kalungguhan nu kacida pentingna dina proses nyangking data. Téhnik panalungtikan kabagi dua, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 224), ngumpulkeun data bisa dilakukeun dina sababaraha kaayaan, sababaraha sumber, jeung sababaraha cara. Téhnik ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka miboga fungsi pikeun maluruh kajian téoritis nu aya patalina jeung panalungtikan (Zed, 2008, kc.1).

Studi pustaka dina ieu panalungtikan nyaéta macaan tiori-tiori tina buku sumber jeung jurnal nu aya patalina jeung masalah panalungtikan. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data ngagunakeun téhnik studi pustaka nyaéta ieu di handap.

- 1) Maca novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana.
- 2) Maca kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.
- 3) Macaan tiori ngeunaan tiori struktural jeung sastra bandingan.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sabada data panalungtikan dicangking tur dikumpulkeun, éta data satuluyna diolah. Nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 114), léngkah-léngkah ngolah data boga sifat *fleksibel*. Hartina, panalungtik bisa nyaluyukeun jeung kabutuhan panalungtikan nu rék dilaksanakeun. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis data. Léngkah-léngkah analisis data ngawengku rarangkay ngumpulkeun data, milihan data kacindekan, jeung vérifikasi (Yusuf, 2007, kc. 400).

Léngkah-léngkah ngolah data dina ieu panalungtikan dipedar di ieu di handap.

- 1) Nyieun rumusan masalah jeung udagan panalungtikan,
- 2) Nganalisis novél jeung kumpulan carita (téma carita, fakta carita, fakta jeung data sajarah),
- 3) Mindahkeun data kana tabél,

- 4) Maluruh sasaruuan jeung bébédaan antara novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad,
- 5) Ngabandingkeun struktur carita antara novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad,
- 6) Ngadéskripsikeun struktur jeung hasil babandingan,
- 7) Nyindekkeun hasil analisis data jeung hasil babandingan

Sabada ngajéntrékeun ngeunaan léngkah-léngkah ngolah data, téhnik analisis data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

1) Analisis struktur carita novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana

Tiori nu dipaké nyaéta tiori struktural R.Stanton medar ngeunaan téma, fakta carita jeung sarana carita. Tapi dina ieu panalungtikan mah diwatesanan téma jeung fakta caritana hungkul. Hal-hal nu bakal dianalisis nyaéta:

- (a) Téma, medar ngeunaan ide poko nu aya dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana.
- (b) Fakta carita ngeunaan galur, latar, jeung palaku dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana.

2) Analisis fakta carita, téma carita, jeung data sajarah nu aya dina Kumpulan Carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad. Hal-hal anu baris dianalisis nyaéta ngeunaan fakta carita, téma carita jeung data sajarah Carita *Perang Bubat*.

3) Analisis babandingan Carita *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung Kumpulan Carita karya Sri Wintala Achmad.

Hal-hal nu dibandingkeun nyaéta dijéntrékeun ieu di handap:

- (a) Babandingan téma dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.
- (b) Babandingan fakta carita dina novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu dipaké dina ngumpulkeun data panalungtikan. Instrumén panalungtikan mibanda fungsi minangka alat panalungtikan nu mantuan panalungtik pikeun netepkeun puseur panalungtikan, milih sumber data, ngumpulkeun data, maluruh kualitas data, nganalisis data, napsirkeun data, jeung nyieun kacindekan (Sugiyono, 2017, kc. 222). Aya sawatara instrumén panalungtikan anu bisa dipaké, di antarana: 1) tés, 2) angkét, 3) wawancara, 4) observasi, 5) skala bertingkat (*rangking*) jeung dokuméntasi. Instrumén anu dipaké dina ngolah hasil panalungtikan nyaéta dokuméntasi data-data primer nu luyu jeung masalah (Arikunto, 2013, kc 262).

Instrumén panalungtikan dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Fungsi kartu data nyaéta pikeun ngumpulkeun data nu geus aya sangkan leuwih babari dipipaham. Nurutkeun Warsiman (2017, kc. 60), kartu data mibanda fungsi pikeun ngumpulkeun data luyu jeung klasifikasina. Kartu data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis tina fakta carita novél *Perang Bubat* karya Aan Merdeka Permana tuluy dibandingkeun jeung kumpulan carita *Perang Bubat* karya Sri Wintala Achmad. Anapon palebah ngabandingkeunana baris ngagunakeun tabél sangkan leuwih babari dipipaham. Ieu di handap mangrupa conto kartu data anu dipaké dina ngolah data hasil panalungtikan.

a) Kartu Struktur Carita

Gambar 3.3

Conto Kartu Data Palaku

Kartu Data 1	
1. Kode data	:
2. Palaku	:
3. Cutatan carita	:

Gambar 3.4

Conto Kartu Data Latar

Kartu Data 2	
1. Kode data :	
2. Latar :	
3. Cutatan carita :	

Gambar 3.5

Conto Kartu Data Téma

Kartu Data 3	
1. Kode data :	
2. Bagian/ Episode:	
3. Cutatan carita :	

Gambar 3.6

Conto Kartu Data Galur

Galur	Déskripsi	Episode
1) <i>Situation</i>		
2) <i>Generating circumstances</i>		
3) <i>Rising action</i>		
4) <i>Climax</i>		
5) <i>Denouement</i>		

Conto Analisis Struktur Carita dina Novél perang Bubat karya Aan Merdeka Permana:

Gambar 3.7

Conto Analisis Struktur Data

Kartu Data 1	
1. Kode data	: PBAMP/P/14/6/1/
2. Tokoh	: Gajah Mada (Basandewa Mada)
3. Cutatan carita	: <i>“tatkala Basandewa Mada tengah sarapan pagi... .”</i>

Keterangan: kode PBAMP nuduhkeun judul buku tur pangarang

Kode P nuduhkeun palaku

Kode 1 nuduhkeun kana kalimah sabaraha

Kode 6 nuduhkeun kana paragraf sabaraha

Kode 14 nuduhkeun kana kaca sabaraha

Kode dina struktur carita nyaéta: (T) téma, (P) palaku, (A) galur, (L) latar nu ngawengku: (LT) latar tempat, (LW) latar waktu, jeung (LS) latar sosial.